

[◀Atik  
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik▶  
apré-a](#)



Désin sa-a ki sou kouvèti ak nan premié paj *Katéchism l'Égliz Katolik-la*, yo fè-l dapré yon piè-tonbal (plak ròch ki sou yon tonb) krétyin nan katakonb Domitil-la a Ròm. Sé ozanviron dènié ané touazièm sièk-la yo té fè piè-tonbal sa-a. Sé yon imaj lavi chanpèt tout moun té konnin kòm dékorasion, min krétyin-yo té sèvi avèk li antan yo ba-l yon nouvo sans kòm sinbòl répo ak kontantman nanm défin-yo jouinn nan lavi pou tout tan-an.

Imaj sa-a ap indiké tou kèk aspè ki karaktérisé Katéchism sa-a: Kris-la, Bon Gadyin-an, li-minm k-ap kondui épi k-ap protéjé moun ki kouè nan li-yo sètadi fidèl li-yo (mouton-an) ak otorité-l (baton-an) ; li ralé yo vîn jouinn li ak dousè sinfoni vérité-a (flut-la) épitou li fè yo répozé anba lonbraj « pié-boua lavi-a », koua rédanmsion li-an, ki ouvri paradi-a.

[◀Atik  
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik▶  
apré-a](#)